



Depatman Konèktikòt Sante Piblik Deklarasyon sou Sètifika Egzanpsyon Medikal

Selon lejislasyon Eta a (Seksyon 19a-7f ak 10-204a nan Lejislasyon Jeneral Konèktikòt), yo pa kapab aksepte okenn timoun nan yon pwogram oswa lekòl swen pou timoun ki anba lisans san prèv li te pran tout vaksen li yo oswa san deklarasyon egzanpsyon. Paran oswa gadyen ki revandike yon egzanpsyon medikal sou labaz yon vaksen an patikilye dekonseye medikalman ta dwe ranpli deklarasyon sila a e yo dwe remèt yon lèt yon doktè siyen; doktè sa a dwe otorize pou l egzèse lamedsin e lèt la dwe endike selon opinyon doktè a, vaksen sa a dekonseye medikalman e remèt deklarasyon an lekòl la oswa etablisman swen sante a. Lèt la dwe gen ladann non timoun la, dat nesans li, vaksen a oswa vaksen yo pouki yo soumèt egzanpsyon an ak pwoblèm sante timoun lan kifè vaksen an pa rekòmande. Doktè a dwe siyen lèt la e li dwe endike enfòmasyon pou yo kapab kontakte l.

A ki sa konsènen :

Antan paran/gadyen piti sa a _____,
(Non elèv la)

mwen/n ap soumèt dokimantasyon sila a yo doktè founi ki endike li dekonseye medikalman pou yo vaksinen piti sa a. Kifè, piti sa a egzanpte e li pa bezwen vaksine, jan doktè a esplike l e yo otorize l patisipe nan yon pwogram oswa yon lekòl swen pou timoun, eksepte si gen yon epidemi yon maladi pouki gen vaksen prevansyon.

_____/_____
Siyati Paran/Gadyen (yo) / Dat

_____/_____
Siyati Paran/Gadyen (yo) / Dat

Adrès

Nimewo telefòn

Timoun ki benefisye egzanpsyon medikal otorize patisipe nan nan yon pwogram oswa yon lekòl swen pou timoun, eksepte si gen yon ka epidemi ki gen pou wè ak yon maladi pouki gen vaksen prevansyon. Sizoka gen yon epidemi yon maladi pouki gen vaksen prevansyon, y ap ekskli tout timoun sa yo nan anviwònman swen pou timoun oswa lekòl sou labaz konklizyon anlwaye sante piblik yo ki endike timoun lan an danje poutèt gen yon gwo risk etablisman swen pou timoun oswa lekòl ekspoze ak yon maladi enfektyez, transmisyon ak pwopagasyon nan kominote a. Y ap ekskli timoun ki pa gen okenn prèv yo vaksinen, ikonpri timoun ki benefisye egzanpsyon relijye ak medikal nan anviwònman sa yo pou rezon sa a e yo p ap kapab tounen jiskaske (1) danje epidemi a poko fini, selon konstatasyon anlwaye sante piblik yo, (2) timoun la tonbe malad ak maladi a e li refè nèt oswa (3) timoun la vaksinen.